

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat anu dipaké ku unggal jalma pikeun komunikasi, naha éta dina wangun lisan atawa tulisan. Unggal jalma miboga potensi anu sarua dina makéna basa. Hiji jalma nyangking basa ngaliwatan prosés anu biasa disebut nyangking jeung *pembelajaran* basa. Kridalaksana (2009, kc. 178) ngahartikeun nyangking basa (*language acquisition*) mangrupa prosés mikaharti jeung ngahasilkeun basa ku manusa ngaliwatan tahapan, ti mimiti ngejah nepi ka parigelna. Ari pembelajaran basa (*language learning*) diartikeun salaku prosés nyangkingna basa sorangan atawa basa lian ku hiji jalma.

Basa bisa ditingali tina kajian internal atawa éksternal basa. Anu kaasup faktor internal basa nyaéta dimimitian tina struktur fonologi, morfologi, sintaksis, nepi ka struktur wacana. Ari nu kaasup kana kajian éksternal basa nyaéta naon-naon anu aya disaluareun basa, saperti faktor sosial, psikologis, etnis, jsb. Dina kajian éksternal biasana méré pangaruh anu gedé dina prosés ngawangun sistem linguistik.

Chaer (2009, kc. 167) ngahartikeun nyangkingna basa nyaéta prosés anu lumangsung dina otak budak nalika manehna nyangking basa mimitina. Hartina nyangking basa mangrupa prosés alami anu lumangsung sanajan euweuh panitén sacara sadar kana bentuk linguistik, kondisi minimal nyangking basa nyaéta partisipasi dina situasi komunikasi alami.

Para ahli nyindekkeun yén aspék pangpentingna dina nyangking basa nyaéta fungsi basa. Salasahijina fungsi basa téh alat komunikasi. Ku sabab kitu, saupama hiji jalma mibanda kandaga kecap loba pikeun komunikasi, beuki luhur tingkat kompetensi jeung *performansina*.

Aya dua prosés séjén anu aya nalika budak nyangking basa -utamana nalika nyangking basa kahiji- nyaéta prosés kompetensi jeung prosés performansi.

Prosés pérformansi nyaéta prosés anu diwangun ku dua hal, prosés pamahaman (kamampuan ngaregepkeun jeung kamampuan merhatikeun) jeung prosés ngahasilkeun kekecapan. Prosés performansi nyaéta kamampuh ngahasilkeun leunjeuran kalimah anyar dina linguistik transformasi generative.

Sanggeus ngaliwatan prosés jeung bisa maké basa sacara sampurna, basa jadi bagian tina kahirupan sapopoé jeung teu bisa lesot tina dirina. Ku kituna, aya nu disebut sikap bahasa. Sikap anu hartina unggah ungguh (*body language*) jeung kalakuan anu didadasaran kana cara pandang (pamadegan, kayakinan jeung sawangan) salaku reaksi tina naon anu kajadian.

Saenyana sikep mangrupa gambaran tina jiwa anu bisa katingali tina kalakuan. Ngan nurutkeun sababaraha panalungtikan, naon anu katingali sacara lahiriah henteu salawasna mangrupa gambaran tina sikep batiniah atawa sabalikna.

Sanggeus diécéskeun di luhur kumaha prosés saenyana anu dilakonan ku urang nalika diajar basa ti mimiti fonemik nepi ka bisa nyusun kalimah sintaksis. Gening kudu loba interaksi salaku komunikasi urang. Basa anu diajarkeun keur budak teu kawatesanan utamana dina basa kahiji tangtu mangaruhan kana bahasa ka dua. Dina ieu hal basa Sunda salaku bahasa kahiji bisa mangaruhan kana bahasa kadua. Unggal basa tangtu méré pangaruh anu beda, boh dina pola pikir atawa psikologisna. Ku kituna, ti TK budak kudu diajarkeun basa anu bener, sangkan budak bisa komunikasi kalayan lancar.

Kiwari geus éces pisan budak di Jawa Barat hususna diperedih pikeun nyangkem basa indungna kalayan sampurna. Atuh aturanna ogé geus aya, anu kiwari disebut kurikulum téa. Dina kurikulum anu aya budak kudu bisa nyangkem kecap barang jeung bisa nyusun kecap-kecap jadi leunjeuran kalimah anu bisa dipikaharti. Lamun ditilik interdisipliner dina widang psikologi, kognitif jeung linguistik kandaga kecap bisa ngagambarkeun kumaha cara pikir hiji jalma.

Nurutkeun Paul Fraisse (Darjowidjodjo, 2011, kc. 7) psikolinguistik nyaéta hubungan pangabutuh urang pikeun *berekspresi* jeung komunikasi kana barang anu ditawarkeun ka urang ngaliwatan basa anu geus diajarkeun ti leuleutik jeung tahap satuluyna. Dumasar batasan tadi aya sawatara kamandang: (1)

psikolinguistik ngawatesanan hubungan basa jeung uteuk, (2) psikolinguistik hubungan langsung prosés kode jeung narjamahkeun kode, (3) psikolinguistik salaku *pendekatan*, (4) psikolinguistik ngaguar pangaweruh basa, makéna basa, jeung robahna basa, jeung (5) psikolinguistik museur kana akuisisi basa jeung kalakuan linguistik.

Élmu psikolinguistik pisan anu nalungtik ngeunaan kumaha hubunganna pola pikir hiji jalma anu sifatna *mentalis* kagambar dina kekecapan anu dilarapkeun dina kalimah. Cara ieu ogé bisa dipaké pikeun mikawanoh hiji jalma (budak) leuwih jero deui. Tangtuna ieu hal kudu diwangun pikeun ngawangun suasana anu pikabetaheun dina pangajaran sapopoé jeung bisa jadi cukang anu nyambungkeun/ngadeukeutkeun guru jeung siswana. Tangtuna lamun geus kitu guru bisa ngungkulan masalah anu mindeng aya dina pangajaran TK.

Éta bahasan téh saenyana mah can pernah aya nu nalungtik dina ambahan basa Sunda mah. Ku kituna, ieu panalungtikan baris ngaguar kumaha kamampuh budak nyangking kandaga kecap utamana basa Sunda dina umur 4-5 taun. Paélmuan basa urang masih heureut, lolobana ngan ukur analisis karya sastra, pangajaran, jeung budayana. Ku sabab éta hal penting pisan ngayakeun ieu panalungtikan pikeun nambahan paélmuan dina widang bahasa utamana kajian psikolinguistik.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

Kamampuh basa mangrupa pangaweruh hiji jalma ngeunaan basa. Tangtuna bisa katingali saupama aya dina komunikasi, kamampuhna bakal katingali dina paguneman anu luyu kana fungsi jeung situasi. Ku kituna, unggal jalma kudu miboga kamampuh ngabédakeun kalimah anu merenah jeung kalimah anu kurang merenah. Sarta miboga kamampuh pikeun nyusun basa anu luyu jeung kaayaan, anu satuluyna ditepikeun ngaliwatan paripolah jeung kaayaan. Salian ti éta unggal jalma ogé kudu bisa maham atawa mikaharti omongan jalma séjén.

Kandaga nyaéta gorbak gedé paranti ngawadahan upeti sanggakeuneun ka Naléndra (Danadibrata, 2009, kc. 315). Kiwari aya istilah anyar kandaga kecap, dihartikeun sajumlahing kecap anu dipikahari atawa dicangkem ku hiji jalma

1.2.1. Watesan Masalah

Kamekaran jeung makéna basa sipatna *unik* jeung *universal* ku kituna, urang kudu bisa ngahargaan unggal basa budak. Kamekaran basa budak dipangaruhan ku lingkungan, kulawarga, jeung pola latihan. Manéhna ninggali tina kaayaan imah atawa di masarakat anu tuluy jadi pangalamanna. Éta mangrupa salasahiji faktor anu bisa ngabalukarkeun unggal budak miboga gaya basa jeung tingkatan basa anu beda.

Aya sawatara dapuran kamekaran anu aya dina pangajaran TK. Éta kamekaran ngawengku kamekaran pangajén agama jeung moral, kamekaran sosial, kamekaran émosi, kamekaran *kemandirian*, kamekaran basa kabagi sababaraha aspék narima basa, népikeun jeung kaaksaraan. Sedengkeun dina kamekaran kognitif kabagi sababaraha konsép, konsép wangun, warna ukuran jeung pola. Kamekaran fisik dina pangajaran TK kabagi tilu aya motorik *kasar*, motorik *halus*, jeung *kesehatan fisik*.

Ieu panalungtikan baris diwatesanan ngan saukur mikanyaho kumaha basa Sunda budak umur 4-5 taun. Ari wengkuan basa Sunda téh nyoko kana istilah pancakaki, ngaran babagian awak, kecap pagawéan, kecap wilangan utama, kecap sipat utama, kecap gaganti jalma (sulur) jeung kecap panuduh.

1.2.2. Rumusan Masalah

Sangkan leuwih tétéla, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa ditepikeun dina wangun pananya ieu di handap:

- a. Kumaha makéna kandaga kecap basa Sunda budak TK Aisyiyah Bustanul Athfal Ranting Leuwidaun Garut?
- b. Kumaha kamampuh ngawasa kandaga kecap anu bisa dicangkem ku budak?
- c. Kumaha warna kecap dasar nu dicangking ku budak?
- d. Kumaha kasaluyuan antara warna kecap jeung kamekaran umur budak?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan kalawan husus boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun maké basa Sunda ku budak TK Aisyiyah Bustanul Athfal Ranting Leuwidaun Kabupaten Garut, katut patalina jeung kamekaran umur. Ari tujuanna dibagi dua aya tujuan umum jeung tujuan husus, anu ngawengku:

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun babandingan kamampuh budak dina nyangking basa Sunda jeung kamekaran umur.

1.3.2. Tujuan Khusus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. Cara makéna basa Sunda budak TK Aisyiyah Bustanul Athfal Ranting Leuwidaun Kabupatén Garut;
- b. Kamampuh ngawasa kandaga kecap tina kecap dasar;
- c. Warna kecap dasar nu dicangking ku budak; jeung
- d. Patalina warna kecap jeung kamekaran umur budak.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat saloba-lobana boh mangpaat praktis boh mangpaat tioritis.

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan gedé gunana pikeun linguis dina méré informasi anyar ngeunaan analisis kandaga kecap nu mindeng aya di budak umur 4-5 taun jeung méré gambaran ngeunaan aspék fonologi katut performasi basa.

1.4.2. Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan gedé mangpaatna pikeun sababaraha pihak, diantarana waé:

- a. Pikeun guru TK bisa méré pangaweruh anyar dina nyusun matéri diajar.
- b. Bisa jadi tinimbang nalika urang nyieun kurikulum pikeun ningkatkeun kualitas dina pangajaranna sorangan (utamana pangajaran basa Sunda).
- c. Pikeun kolot bisa jadi référénsi yén umur TK mangrupa masa budak ngawasa kandaga kecap.
- d. Jadi bahan référénsi panalungtikan prosés nyangkingna basa satuluyna.
- e. Pikeun mikanyaho kumaha sabenerna kamampuh basa budak dina umut 4-5 taun (umur TK).
- f. Mikanyaho kumaha saenyana prosés budak nyangkingna basa.
- g. Pikeun ngaguar kamampuh budak dina ngangkem kecap-kecap basa Sunda.

1.5. Struktur Organisasi Tulisan

Ieu tulisan téh dirancang jadi lima bab. Dina bab I dipedar perkara kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi tulisan.

Dina bab II dipedar tiori anu dipaké dina ieu skripsi, nyaéta perkara fungsi basa nurutkeun Haliday jeung Barbara S. Wood, kompetensi jeung performansi basa anu kabagi dua kompetensi basa jeung performansi. Subab katilu nyaéta prosés nyangking basa, adu kabagi deui dua nyaéta wangenan prosés nyangking basa jeung prosés nyangking basa kahiji. Subab satuluyna nyaéta kamekaran basa sudak anu kabagi opat nyaéta tahap kamekaran artikulasi, tahap kamekaran kecap jeung kalimah, tahap pra-sakola, jeung kamekaran kognitif. Subab pamungkas nyaéta kamampuh ngawasa kandaga kecap, anu dibagi tilu nyaéta wangenan kandaga kecap, kandaga kecap dasar, jeung kualitas kandaga kecap.

Dina bab III dipedar perkara lokasi jeung subjek panalungtikan, desain panalungtikan, metodé panalungtikan, definisi operasional, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV dipedar hasil analisis kandaga kecap budak TK Aisyiyah Bustanul Athfal Ranting Leuwidaun Garut. Kandaga kecap ngawengku istilah pancakaki, ngaran babagian awak, kecap sipat/kaayaan utama, kecap bilangan utama, kecap pagawéan, jeung kecap gaganti jalma (sulur) jeung kecap panuduh. Pamungkas dina bab V medar kesimpulan tina hasil panalungtikan jeung saran.